



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 14 novanm 2013

GOUVÈNÈ A ANONSE PWOGRAM ASISTANS ENÈJI NAN KAY LA AP KÒMANSE APATI 18 NOVANM

Rezidan ki Andeyò New York City Ka Aplike sou Entènèt nan myBenefits.ny.gov pou Premye Fwa

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a fanmi atravè eta a ka kòmanse aplike pou asistans chofaj pou ivè sa atravè Home Energy Assistance Program (HEAP) New York la nan jou ki lendi 18 novanm lan. HEAP, ki plase anba sipèvizyon New York State Office of Temporary and Disability Assistance (OTDA), se yon pwogram ki gen finansman federal kap bay jiska \$650 pou fanmi ki kalifye peye depans enèji pou kay yo ka chofe pandan ivè a.

Pou premye fwa, nenpòt moun ki pap viv nan New York City ekap chèche yon avantaj HEAP regilye, ki ede fanmi kap depanse yon gwo pati nan revni fwaye a pou enèji, pral kapab voye yon aplikasyon sou entènèt nan myBenefits.ny.gov apati 18 novanm.

“Kò tanperati kòmanse ap bese, Home Energy Assistance Program Eta a disponib pou ede Nouyòkè chofe kay yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Apati lendi, fanmi atravè eta a ka kòmanse aplike epi ak aplikasyon sou entènèt ki genyen jounen jodi a, li vin pi fasil pase anvan pou moun ki andeyò New York City aplike pou HEAP. Chak sezon ivè, pwogram sa se yon resous enpòtan pou fanmi ki pa gen mwayen ak pou sitwayen granmoun ki gen revni fiks, pou yo kenbe kay yo cho. Mwen mande Nouyòkè ki bezwen asistans chofaj nan mwa kap vini yo pou yo aplike prese prese pandan sezon sa.”

Pou sezon chofaj HEAP 2013-14 la, avantaj regilye maksimòm yon fanmi ka resevwa se \$650. Kalifikasyon pou HEAP baze sou salè ak kantite moun ki genyen nan fanmi an:

Kantite Moun nan Fanmi an	Salè Brit Maksimòm Chak Mwa
1	\$2.175
2	\$2.844
3	\$3.513
4	\$4.182
5	\$4.852
6	\$5.521
7	\$5.646
8	\$5.772
9	\$5.897
10	\$6.023
11	\$6.461
Chak moun anplis	Ajoute \$503

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou: <http://otda.ny.gov/programs/heap/>.

Fanmi ki kalifye ka resevwa yon avantaj HEAP regilye pou chak sezon, men yo ka kalifye tou pou yon avantaj HEAP nan sitiyasyon ijans si gen risk pou kabiran chofaj yo fini obyen sèvis piblik yo koupe. Yo pral resevwa aplikasyon pou avantaj HEAP nan sitiyasyon ijans apati jedi 2 janvye 2014. Fanmi ki nan sitiyasyon ijans enèji dwe rele depatman sèvis sosyal ki nan zòn yo pou jwenn asistans.

“Kòm fredri a ap enstale, konsomasyon enèji ak bòdwo sèvis piblik yo ap ogmante, sa ki mete anpil Nouyòkè nan sitiyasyon pou yo chèche èd,” te deklare Komisyonè OTDA a, Kristin M. Proud. “HEAP founi avantaj asistan enèji vital granmoun ak fanmi ki pa gen mwayen konte sou yo pou yo viv.”

Anplis, Pati Reparasyon ak Ranplasman Ekipman Chofaj nan Home Energy Assistance Program la disponib pou ede pwopriyetè kay ki pa gen mwayen eki kalifye repare oubyen ranplase fou, chodyè ak lòt eleman chofaj dirèk ki nesèsè pou kenbe sous chalè kay yo ap mache. Aplikasyon pou eleman sa dwe fèt pèsònèlman nan depatman sèvis sosyal ki nan zòn lan.

Rezidan New York ka tyeke tou si yo kalifye pou HEAP, ak anpil lòt avantaj, si yo reponn kèk kesyon nan myBenefits.ny.gov.

Padan sezon ivè lane pase a, plis pase 1,4 milyon fanmi atravè Eta New York te resevwa avantaj HEAP.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou avantaj HEAP, ou ka ale sou sitwèb OTDA www.otda.ny.gov, oubyen ale sou www.myBenefits.ny.gov.

Nouyòkè ka jwenn enfòmasyon pou Distri Sèvis Sosyal Konte yo sou <http://otda.ny.gov/programs/heap/HEAP-contacts.pdf>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418